PENILAIAN AKHIR SEMESTER

MATA PELAJARAN BAHASA JAWA

Kelas / Semester	:	**Wektu**	: 90 Menit
Nama Siswa	:	**Tanggal**	: .....
Nomor Absen	:	**Nilai**	: .....

SOAL UJIAN ESSAY

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngandhap menika kanthi cetha lan trep!

Tema Soal:	Paramastra	Unggah-Ungguh Basa	Geguritan	Wayang Mahabharata

Soal No. 01 [PARAMASTRA]

Ing basa Jawa, tembung lingga saged ewah dados tembung andhahan kanthi mawi wuwuhan (imbuhan). Jelasna kanthi rinci bedanipun antawisipun tembung lingga lan tembung andhahan, lajeng paring tuladha saben jinisipun tembung andhahan (wuwuhan ngarep/ater-ater, wuwuhan tengah/seselan, saha wuwuhan mburi/panambang) kanthi setunggal tuladha ukara ingkang leres!

Wangsulan:

Soal No. 02 [PARAMASTRA]

Ukara ing ngandhap menika mangga dipunanalisis jinis-jinisipun tembung miturut paramastra basa Jawa, lajeng terangna fungsipun ing sajroning ukara:

"Simbah kakung ingkang sampun sepuh menika taksih remen maos serat-serat Jawi kina ing griya."

LIVEWORKSHEETS

Wangsulana: (a) Sebutna tembung kang kalebu tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, saha tembung katrangan! (b) Jelasna fungsi saben tembung kasebat ing ukara menika!

Wangsulan:

Soal No. 03

[UNGGAH-UNGGUH BASA]

Unggah-ungguh basa Jawi kaperang dados tigang tataran inggih menika ngoko, madya, lan krama. Jelasna kanthi tliti bedanipun tataran basa kasebat saking aspek: (a) sinten kemawon ingkang ngginakaken, (b) kados pundi kahanan wicantenan ingkang trep, lan (c) paring tuladha ukara ingkang sami tegesipun nanging benten tataran basanipun!

Wangsulan:

Soal No. 04

[UNGGAH-UNGGUH BASA]

Waosan ing ngandhap menika kalebu cuplikan pawicantenan ingkang kirang trep anggenipun ngginakaken unggah-ungguh basa Jawi:

"Pak Guru: Kowe wis ngrampungke tugas apa durung, Le? Murid: Sampun, Pak. Kula nggawa tugase."

Cobi panjenengan: (a) Terangna menapa ingkang kirang leres saking pawicantenan menika! (b) Suntinga pawicantenan kasebat supados dados leres miturut unggah-ungguh basa Jawi ingkang trep! (c) Jelasna sebabipun kenging menapa unggah-ungguh basa menika wigati sanget dipunginakaken ing gesang padintenan!

Wangsulan:

LIVEWORKSHEETS

Soal No. 05 [GEGURITAN]

Geguritan menika satunggaling karya sastra Jawi modern ingkang benten kaliyan tembang macapat. Waosan geguritan ing ngandhap menika:

"Lemah Ibu" Lemah ibu, lemah pertiwi Sanajan adoh, atiku tetep kowe Sawah-sawah ijo royo-royo Dadi gegambaran ayemku

Cobi panjenengan: (a) Terangna tema lan amanat ingkang kinandhut ing geguritan kasebat! (b) Jelasna keindahan basa (purwakanthi) ingkang wonten ing geguritan menika! (c) Suntinga geguritan kasebat dados basa krama inggil kanthi njagi tegesipun!

Wangsulan:

Soal No. 06 [GEGURITAN]

Nalika ndamel geguritan, panyerat kedah nggatosaken mapinten-pinten unsur intrinsik. Sebutna lan jelasna sedaya unsur intrinsik ingkang kedah wonten ing satunggaling geguritan kanthi tuladha ingkang cetha! Salajengipun, cobi panjenengan damel satunggal geguritan asli ngginakaken basa Jawi krama ingkang nggambaraken kaendahan alam utawi kahanan masyarakat ing lingkungan panjenengan, minimal 4 (sekawan) larik!

Wangsulan:

LIVEWORKSHEETS

Soal No. 07 [WAYANG MAHABHARATA]

Ing cariyos wayang Mahabharata, tokoh Arjuna dipunsebat minangka satriya ingkang linuwih lan darbe watak wicaksana. Jelasna kanthi rinci: (a) Kados pundi watak lan kapribadhen Arjuna ing cariyos Mahabharata? (b) Sebutna setunggal cariyos/lakon wayang Mahabharata ingkang nglibataken Arjuna minangka tokoh utama, lajeng cariyosna ringkesanipun! (c) Menapa piwulang (nilai moral) ingkang saged kapendhet saking paraga Arjuna menika kangge gesang padintenan?

Wangsulan:

Mugi-mugi saged ngerjakaken kanthi saestu lan jujur ~ Selamat Mengerjakan!

-- Soal Ujian Bahasa Jawa | Penilaian Akhir Semester --

LIVEWORKSHEETS